

# Kouki yo

*Aprann kijan kouki yo fonksyone ak kijan pou jere kouki sou entènèt.*

## 1. Kisa Kouki Yo Ye?

Kouki entènèt yo se ti moso done sit entènèt yo ka estoke epi jwenn aksè ak yo annapre. Done sa yo bay enfòmasyon sou eksperyans yon itilizatè ak yon sit, tankou preferans, konpòtman ak aktivite.

Gen divès kalite (oswa savè) kouki. Kèk kouki asire ke yon sit entènèt fonksyone byen. Lòt kouki swiv konpòtman itilizatè yo epi yo itilize yo pou livre anons ki sible bay moun. Gen de gwo kategori kouki: pwopriyetè ak tyès pati. Toulède kategori kouki sa yo genyen diferan kalite kouki:

- **Kouki pwopriyetè yo:** Kouki sa yo koresponn ak domèn nan sit entènèt ke w ap itilize a
  - **Kouki sesyon yo:** Ke yo konnen tou sou non kouki tanporè. Kalite kouki pwopriyetè sa a ede jere eksperyans ou, oswa sesyon w, sou yon sit entènèt. Egzanp, yo itilize kouki sesyon yo pou jere panye acha ou sou yon sit entènèt
  - **Kouki ki pèsiste yo:** Kouki sa yo disponib pou yon peryòd tan epi yo souvan itilize yo pou estoke preferans ou pou yon sit entènèt. Egzanp, kouki sa yo ka estoke enfòmasyon koneksyon w pou konekte pi vit sou yon sit
- **Kouki tyès pati yo:** Kouki sa yo atache ak yon non domèn ki diferan ak sit w ap vizite a. Kouki tyès pati yo souvan sèvi kòm kouki swivi atravè diferan sit epi yo itilize yo pou livre anons ki sible bay moun
  - **Kouki siveyans yo:** Kouki sa yo swiv konpòtman w ak aktivite w sou diferan sit epi yo ka swiv ou atravè entènèt la, lè yo konekte konpòtman w
  - **Kouki zonbi yo:** Kouki sa yo se yon enkyetid pou sekirite. Yo fè kopi tèt yo epi yo ka difisil pou efase

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

- **Sipèkouki yo:** Yon lòt kalite kouki ki ka difisil pou efase epi jere. Sipèkouki yo estoke yon fason diferan ak kouki regilye yo epi yo ka kache nan bagay tankou kòd Flash, kòm egzanp. Sipèkouki ka swiv konpòtman w atravè navigatè diferan tou

## 2. Kisa Ki nan Yon Kouki?

Yon kouki entènèt konpoze ak yon chèn tèks. Chèn tèks sa a se yon sèvè ki voye l nan navigatè w la pou ede l "sonje" bagay tankou non itilizatè w ak dènye fwa ou konekte nan yon sesyon.

## 3. Kisa Kouki Yo Fè?

Diferan kategori ak kalite kouki jwe wòl diferan, men anjeneral kouki yo fè youn nan twa gwo travay:

- Jesyon sesyon
- Pèsonalizasyon
- Siveyans

## 4. Kijan Ou Kapab Jere Kouki Yo?

Pandan ke sa ka tante w pou w bloke tout kouki yo, an reyalite sa ka lakòz plis pwoblèm. Kouki pwopriyetè yo tankou kouki sesyon yo asire ke yon sit entènèt ap travay kòrèkteman. Bloke tout kouki yo kapab lakòz sit yo kraze oswa pa fonksyone byen.

Yon bon opsyon se chèche fason pou bloke kouki tyès pati yo pou evite siveyans, anons ki sible ak lòt pratik ki pi anvayisan. Konsidere sa ki annapre yo

- Sèvi ak yon navigatè ki bloke kouki tyès pati yo otomatikman, tankou Firefox oswa Safari
- Ajiste paramèt sekirite navigatè w la pou bloke kouki tyès pati yo (chèche opsyon pou navigatè w la, tankou Chrome)
- Konsidere yon ekstansyon navigatè ki bloke kouki siveyans tyès pati yo
- Konsidere itilize yon VPN pou plis sekirite ak konfidansyalite